

DOKUMEN NEGARA
SANGAT RAHASIA



NAMA :
NO :

PENILAIAN AKHIR SEMESTER
MI PSM SATRIYAN
TAHUN PELAJARAN 2022 / 2023

Mata Pelajaran : Bahasa Jawa	Hari / Tanggal : Sabtu, 3 Desember 2022
Kelas : 5	Waktu : 75 Menit

Wangsulana pitakon – pitakon ing ngisor iki kanthi nulis aksara A, B, C, utawa D miturut wangsulan sing paling trep ing kolom sing wis disedhiyake!

Wacan ngisor iki kanggo soal nomer 1 – 7

Ngumbulake Layangan

Srengenge isih panas – panase, watara isih jam 2 awan. Karepe ngono Rudi arep ngumbulake layangan. Pamitan ibune, mesthi wae ora diparengake. Sing apik kuwi ngumbulake layangan yen wes rada iyup. Kira – kira jam setengah papat. Hawane ora pati ya panas. Nanging Rudi nduwe alasan yen sore – sore angine wes ora pati banter meneh.

Sidane Rudi gawe layangan dhisik samba nggenteni iyupe srengenge. Ora let suwe Kiki karo Yoga teko marani Rudi. Bocah telu gawe layangan neng emper omahe Rudi. Dheweke wes kulina nggawe dolanan dhewe. Ora usah ndadak tuku.

1. Irah – irahan wacan ing dhuwur yaiku
 - A. Srengenge Isih Panas – panase
 - B. Ngumbulake Layangan
 - C. Rudi Bocah Sregep
 - D. Gawe Layangan
2. Sing apik ngumbulake layangan yen
 - A. esuk – esuk
 - B. awan – awan
 - C. bubar sarapan
 - D. sore
3. Rudi, Kiki lan Yoga gawe layangan neng
 - A. omahe Rudi
 - B. omahe Yoga
 - C. omahe Kiki
 - D. lapangan
4. Bahan layangan sing kudu tuku yaiku
 - A. pring
 - B. kertas lan bolah
 - C. kranjang
 - D. spidol

5. Wacan ing dhuwur ana
 - A. 2 larik
 - B. 2 pupuh
 - C. 2 paragraf
 - D. 2 pada

6. Piranti kanggo nggawe layangan yaiku
 - A. lading, graji, lan pacul
 - B. pemes, arit, lan wangkil
 - C. garisan, pemes, lan pring
 - D. gunting, lem, lan bolah

7. Ngumbulake layangan sing aman ana ing
 - A. lapangan
 - B. latar
 - C. dalan sing amba
 - D. mburitan

8. Pesan sing dikandhut ing crita / karangan diarani
 - A. pambuka
 - B. pasulayan
 - C. prakara
 - D. amanat

9. Wah, tulisanmu ngenani teks dheskripsi iki apik banget, amarga ... saengga aku kaya – kaya ana ing setengahe desa kuwi.
 Alesan kang trep kanggo ngiseni cecek – cecek ing dhuwur yaiku
 - A. aku kancane saengga ngerti kekarepanmu
 - B. tulisanmu jare bapakku pancen apik
 - C. nek ora tak alembana kowe mundhak nesu
 - D. babagan sing kok gambarake ing kene trep karo kahanan sanyatane ing desamu

10. Yusuf : “... sing gelem tak wenehi roti?”
 Adam : “Aku Suf, aku gelem”
 Tembung pitakon kang bener kanggo njangkepi ukara ing dhuwur yaiku
 - A. apa
 - B. pripon
 - C. ing ngendi
 - D. sapa

11. Karangan sing isine nyritakake sawijine rerangken kedadeyan kanthi runtut adhedhasar urutan wektu, ana paragane, lan ana latar utawa settinge diarani
 - A. narasi
 - B. dheskripsi
 - C. eksposisi
 - D. argumentasi

12. Panggonan kedadeyan sing diandharake jroning crita narasi diarani
 - A. setting
 - B. tema
 - C. paraga
 - D. amanat

13. Perangan crita sing ngenalake para paraga (tokoh), wektu kedadeyan, lan papan panggonane diarani
- A. komplikasi
 - B. resolusi
 - C. orientasi
 - D. eksposisi
14. Mujudake kepriye anggane ngudhari reribet jroning kedadeyan diarani
- A. orientasi
 - B. resolusi
 - C. eksposisi
 - D. komplikasi
15. Perangan inti nganti tumekane pucuking kedadeyan utawa masalah diarani
- A. eksposisi
 - B. orientasi
 - C. resolusi
 - D. komplikasi
16. Bis sing nggawa rombongan saka MI Al Hikmah Sidoarjo wiwit ninggalake Istana Gebang ing Blitar.
Tegese tembung “wiwit” yaiku
- A. ngawali
 - B. ngakhiri
 - C. mulih
 - D. nutup
17. Crita kang nggambarake objek kanthi tujuwan supaya wong kang maca ngrasa kaya nyawang dewe objek kang digambarake diarani teks
- A. dheskripsi
 - B. narasi
 - C. eksposisi
 - D. argumentasi
18. Tokoh jroning crita uga kasebut
- A. tema
 - B. setting
 - C. paraga
 - D. amanat
19. Wektu liburan sekolah aku diajak ibuku plesir menyang Telaga Sarangan.
Tembung”” plesir” tegese
- A. ndelik
 - B. rekreasi
 - C. nyambut gawe
 - D. sinau
20. Panggonan lan swasana ing crita diarani
- A. latar
 - B. paraga
 - C. konflik
 - D. alur

21. Pawarta kang diwartakake dening wong liya kanggo pamiyarsa lumantar swara langsung diarani pawarta
- A. lisan
 - B. wacan
 - C. tulisan
 - D. gagasan
22. Adhedhasar iketane wektu lan panggonan, jenise pawarta diperang
- A. lokal, regional, lan nasional
 - B. dinan, dadakan, lan crita
 - C. politik, hukum, lan budaya
 - D. cithak lan elektronik
23. Pawarta iku mujudake informasi kang
- A. ora sak benere
 - B. samubarang
 - C. nyata
 - D. khayal
24. Pawarta sing durung dimengerteni bener lan lupute kedadeyan sing sabenere yaiku kabar
- A. susah utawa bungah
 - B. kulawarga
 - C. nagara
 - D. manuk
25. Wong kang pegaweyane golek lan ngumpulake pawarta diarani
- A. sutradara
 - B. penulis
 - C. reporter
 - D. wartawan
26. Kang kalebu media cetak yaiku
- A. majalah
 - B. radio
 - C. TV
 - D. internet
27. Pawarta kang arupo lisan lan gambar iku ing
- A. kalawarta
 - B. radio
 - C. TV
 - D. majalah
28. Basa pawarta duweni sifat kang khas yaiku
- A. banter
 - B. pokoke muni
 - C. narik kawigaten
 - D. kalem

29. Endhek dhuwure swara jroning maca pawarta yaiku
- A. tempo
 - B. vocal
 - C. eneng
 - D. intonasi
30. Wara – wara kang surasane bela sungkawa diarani
- A. brosur
 - B. majalah
 - C. lelayu
 - D. pariwara
31. Wohe Lombok ing tegalan katon abang ... wes wayahe dipanen.
Tembung kanggo nggenepi ukara ing ndhuwur yaiku
- A. abang
 - B. branang
 - C. tenan
 - D. kabeh
32. Wong sing omongane kulina mlenca – mlence, ora kena dipercaya.
Tembung entar kang mathuk kanggo ngganepi ukara ing ndhuwur yaiku
- A. dawa tangane
 - B. klemis bathuke
 - C. gedhe endhase
 - D. luyu ilate
33. Pak Karyo iku wong tani sing sugih, raja branane akeh, sawahe amba ana ing ngendhi –
endi, yen wayah panen karung gabahe ing bale nganti
Tembung camboran kang mathuk kanggo nggenepi ukara ing ndhuwur yaiku
- A. jejel riyel
 - B. morat marit
 - C. tumpang suh
 - D. tumpuk undhung
34. Wong lanang adhike bapak utawa ibu angonku nimbali
- A. pakdhe
 - B. paklik
 - C. mbah kung
 - D. bulik
35. Karo sedulur kuwi kudu sing rukun, aja seneng tukar
- A. rayah
 - B. rebut
 - C. gawe
 - D. padu
36. Yen nyeleh barang sing ngati – ati, ing kene ana bocah dawa tangane.
Tembung dawa tangane tegese
- A. mutungan
 - B. nyolongan
 - C. sombong
 - D. cengkiling

37. Anggonku ngomong mau sejatine mung kanggo ... kowe kok percaya temenan.
- A. abang – abang lambe
 - B. iguh pratikel
 - C. rubuh – rubuh gedhang
 - D. cagak lek
38. Ibuku saiki gawe jajan rondho royal ing pawon mburi.
- Rondho royal tegese
- A. gedhang goreng
 - B. tape goreng
 - C. gethuk goreng
 - D. telo goreng
39. Ukara ing ngisor iki sing nggunakake tembung entar yaiku
- A. Karo kanca kuwi kudu guyub rukun aja seneng tukaran
 - B. Muga – muga kabeh kulawargamu tansah seger kuwarasan
 - C. Nyambut gawe mepeng kanggo golek sandhang pangan
 - D. Direwangi nyambut gawe adus kringet, meksa durung cukup
40. Ukara – ukara ing ngisor iki sing nggunakake tembung saroja yaiku
- A. Ibuku isih mususi beras ketan ing mburi jalaran arep digawe tape
 - B. Geneya adhikmu kok nangis nganti gulung koming koyo ngono?
 - C. Dhasar bocah weteng karet rong piring isih panggah durung wareg
 - D. Hayam wuruk iku narendra Majapahit kang misuwur
41. Ukara ing ngisor iki kang bener yaiku
- A. adhik dhahar roti
 - B. simbah ngunjuk jampi
 - C. bapak lagi turu
 - D. kowe lagi ngunjuk apa?
42. Aja rame – rame simbah lagi
- A. tindak
 - B. dhahar
 - C. sare
 - D. ngunjuk
43. Jam setengah pitu aku mangkat sekolah, bapak durung ... kantor.
- A. tindak
 - B. mangkat
 - C. mulih
 - D. kondur
44. Ibu tindak pasar ... becak.
- A. nitih
 - B. numpak
 - C. nggonceng
 - D. nunggang
45. Adhik lagi mangan, simbah dereng
- A. maem
 - B. dhahar
 - C. nedha
 - D. mangan

46. Budhiman ... maju lomba pidato Bahasa Jawa dening pak guru.

- A. didhawuhi
- B. dikongkon
- C. diaturi
- D. ditimbali

47. Basa kramane “kembang” yaiku

- A. kembang
- B. klaras
- C. sekar
- D. tembang

48. Ing wayah sore ibu nyapu latar.

Basa kramane tembung sore yaiku

- A. enjeng
- B. wengi
- C. sonten
- D. dalu

49. Pakdhe nggowo oleh – oleh apel saka Malang.

Ukara ing ndhuwur yen dikramakake yaiku

- A. Pakdhe mbeta oleh – oleh apel saka Malang
- B. Pakdhe mbeta oleh – oleh apel saking Malang
- C. Pakdhe ngasta oleh – oleh apel saka Malang
- D. Pakdhe ngasta oleh – oleh apel saking Malang

50.

Bapak : “Rin, ibumu mau menyang ngendi?”

Rini : “ ... ”

Bapak : “Menyang pasar arep tuku apa?”

Rini : “Dhawhipun badhe mundhut ayam jago”

Tembung sing mathuk kanggo ngganepi pacelathon ing dhuwur yaiku

- A. Ibu blanja neng took
- B. Sinten ingkang dhawuh
- C. Mundhut pitik apa
- D. Ibu tindak dhateng peken